



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI PWOLONJE LÈ FÈMTI POU RESTORAN YO, BA YO AK LÒT ANTITE KI GEN LISANS SLA YO JISKA 11 PM NAN TOUT ETA A

Lè fèmti 11 PM lan pwolonje pou sant jimnastik ak sant kondisyònman fizik yo, kazino yo, sal biya yo, antre an vigè jodi a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke, akòz bès kontini nan pousantaj pasyan ki entène ak enfeksyon yo atravè Eta New York, li te siyen [Dekrè Egzekitif 202.94](#) la ki pwolonje lè fèmti pou ba yo, restoran yo, sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo, kazino yo, sal biya yo, ansanm ak lòt etablisman ki gen lisans Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a, soti 10 PM pou rive 11 PM nan tout Eta a apati jodi a.

"Pasyan ki entène ak pousantaj pozitivite yo kontinye bese, epi avèk ogmantasyon sezon fèt la kounye a nan retwovizè nou, nou dwe kontinye pran mezi pou re-ouvri pi plis ekonomi an nan tout sekirite ak yon fason responsab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An konsekans, mwen te deja siyen yon Dekrè Egzekitif pou fè avanse lè fèmti pou restoran ak ba yo jiska 11 PM nan tout Eta a, epi kounye a nou pral fè menm bagay la pou sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo, kazino ak sal biya yo ak nenpòt lòt pozisyon ki genyen yon lisans SLA a. Pandan nou ap avanse a, nou pral kontinye swiv lasyans ak done yo epi pran tip mezi sa yo pou ede nou finalman retounen nan nòmal."

Vandredi a, Gouvènè a te anonse lè fèmti pou restoran ak ba yo tap pwolonje soti 10 PM pou rive 11 PM nan tout Eta a, epi dekrè egzekitif sa a pwolonje lè fèmti sa a pou sant jimnastik ak sant kondisyònman fizik yo, kazino yo, sal biya yo, ansanm ak nenpòt etablisman ki gen lisans Otorite Alkòl Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)